



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 28/10/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN SIBVANSYON 45 MILYON DOLA KI DISPONIB  
POU KOMINIKASYON IJANS**

***Finansman Eta a Ap Ede Konte yo Lè l Ranfòse Sistèm Repons Ijans lan epi Mete Anplas Teknoloji 911 Pwochè Jenerasyon an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a disponiblite 45 milyon dola pou konte yo pou yo amelyore sistèm kominikasyon ijans yo epi modènize teknoloji yo. Finansman eta sa ap pèmèt gouvènman yo fè amelyorasyon lè yo devlope kapasite sistèm pou kominike, fè echanj done epi rasyonnalize enfòmasyon yo pou amelyore kolaborasyon yo epi ede sekouris yo.

“Nan yon sitiyasyon ijans chak segonn konte,” **Gouvènè Cuomo te deklare.**

“Alokasyon sa yo ap ede bay aksè ak teknoloji pwochè jenerasyon konte yo epi amelyore kapasite yo pou konekte, kominike epi reponn a katastwòf ak lòt menas nan kominote nou yo.”

**Delege Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York (New York State Division of Homeland Security and Emergency Services), John P. Melville te di:**

“Katastwòf ak Ijans souvan rive nan gwo rejyon ki ka anglobe anpil konte ak jiridiksyon, e sekouris nou yo bezwen an mezi pou kominike rapidman epi efikasman pou kenbe kominote nou yo ansekirite. Finansman sa a vital pou amelyore sekirite piblik, kominikasyon ant divès ajans, disiplin ak jiridiksyon lè l kontinye mete yon apwoch rejyonal nan kominikasyon epi asire ke konte yo ekipe ak teknoloji ki pi ajou ki disponib la.”

Chak konte nan Vil New York ka soumèt yon aplikasyon pou finanse pwojè ki enplike modènizasyon enfrastrikti, ekipman ak teknoloji. Se Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans Eta a (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) k ap administre sibvansyon an.

Y ap bay finansman sa atravè Sibvansyon Entèwoperab Kominikasyon Eta a (State Interoperable Communications Grant). Minisipalite ki kalifye yo ka itilize finansman sa pou divès fonksyon ki enkli devlopman kouvèti radyo lè yo enstale nouvo ekipman nan tou ak sit antèn yo, lè yo mete Nouvèl Jenerasyon teknoloji ak nòm 911 anplas, etabli chè kominikasyon ant sistèm radyo sekirite piblik yo, konsolide sant ekspedisyon sèvis ijans yo, epi deplwaye nouvèl teknoloji k ap ede konte yo relye sistèm yo ansanm.

Anplis, finansman sa ap kore fòmasyon ak pratik pou fè pwomosyon kominikasyon ak kooperasyon entè-rejyonal ki efikas, ak preparasyon sekouris global yo.

Pandan senk dènye seri sibvansyon sa, yo te akòde plis pase 275 milyon dola bay 57 konte ak Vil New York, pandan yo te fòme dis patenarya oubyen konsòsyòm rejyonal. Sa reprezante yon ogmantasyon de plis pase 50 pousan nan patisipasyon, depi pwogram sibvansyon an te lanse nan lane 2010.

Yo dwe resevwa aplikasyon yo pa imail jiska 8 desanm 2016 anvan 5:00 P.M. Yo ka soumèt aplikasyon yo nan fason elektwonik nan [Grant.Info@dhses.ny.gov](mailto:Grant.Info@dhses.ny.gov). Y ap poste mizajou ak kesyon yo poze souvan yo an liy sou <http://www.dhses.ny.gov/oiec/grants/>. Tanpri, verifie sit entènèt la souvan pou mizajou yo.

### **Enfòmasyon sou DHSES**

Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Ijans ak kat biwo li yo -- Anti-teworis, Jesyon Ijans, Prevansyon ak Kontwòl Dife, ak Entèwoperab ak Kominikasyon Ijans -- bay direksyon, kowòdinasyon ak sipò pou efò prevansyon, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, pi rekipere apre atak teworis ak lòt katwastwòf natirèl ak sa moun fè, menas, dife ak lòt ijans yo. Pou plis enfòmasyon, ale sou [paj Facebook](#) yo, swiv [@NYSDHSES](#) sou Twitter, oubyen vizite [dhses.ny.gov](http://dhses.ny.gov).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418